



**PREMYE FAZ:
KONSTRIKSYON
VIL NEW YORK
REKÒMANSE**



**SA OU BEZWEN
KONNEN: ETAP
POU REKOMANSE
PWOJÈ OU**



SA OU BEZWEN KONNEN: Etap ou Rekòmanse Pwojè ou

Kounye a la, Vil New York nan Premye Faz plan pou relouvri Eta a ki vle di TOUT sit konstriksyon yo ka relouvri epi kòmanse travay. Ou toujou gen obligasyon pou asire sit ou a satisfè tout Kòd Konstriksyon ak Elektrik ansanm ak tout règ ak regleman Depatman Konstriksyon (Department of Buildings, DOB) Vil New York.

ANVAN ou rekòmanse travay, ou **DWE** omwen fè bagay sa yo:

- Li, konprann, epi aji selon **Gid Pwovizwa pou Aktivite Konstriksyon Pandan Ijans Sante Biblik COVID-19** Eta a.
- Prepare** yon Plan Sekirite ki espesyalman pou chak nan sit travay ou yo. Kontraktè Jeneral la ka devlope yon plan ki kouvari tout sou-kontraktè ak anplwaye yo, oswa chak kontraktè ka devlope pwòp plan yo.
- Emplante** tout aspè Plan Sekirite ou a pou sit travay ou a.
- Afiche** Plan Sekirite a nan sit travay ou a yon kote li fasil pou tout moun wè nan tout pwen sòti nan sit konstriksyon an.
- Konfime** ak Eta a ou te li epi ou konprann obligasyon ou pou jere sit ou a selon direktiv Eta a.
- Enprime** konfirmasyon an epi kenbe li sou sit la.

Pandan enspeksyon sa yo, enspektè DOB yo pral chèche bagay sa yo:

- Plan sekirite** pou sit la espesyalman ki disponib epi ki afiche yon kote l ap fasil pou tout moun wè li. Plan sa a bezwen gen **konfirmasyon** bay Eta a ladan.
- Konfòmite** ak pwotokòl **distans sosyal**.
- Tout manm pèsònèl sit la **dwe mete pwoteksyon** figi akseptab ki apwopriye pou travay yo. Pou jwenn plis rekòmandasyon sou pwoteksyon figi ki apwopriye, gade direktif Depatman Sante Eta a ak gid OSHA pou ekipman pwoteksyon pèsònèl yo.

- Genyen pòs pou netwaye men** disponib, ki gen swa:
 - Savon, dlo pòtab tyèd, sèvyèt an papye jetab; **oswa**
 - Dezenfektan pou men abaz alkòl kote li pa pratik pou gen pòs pou lave men yo.
- Pano COVID-19** ki fasil pou wè pou raple tout manm pèsònèl la pou lave men yo kòrèkteman, règ distans sosyal yo, itilize ekipman pwoteksyon pèsònèl ki apwopriye, ak pwotokòl pou lave ak dezenfekte men yo.
- Ranpli rejis netwayaj ak dezenfeksyon yo kòrèkteman** epi mete yo ajou.
- Espas ki piti yo** (tankou asansè) dwe gen 50% maksimòm kantite moun yo.
 - Kapasite 50% an dwe afiche anndan EPI kote moun yo desann nan
- Yon plan komunikasyon** pou anplwaye, vizitè, ak kliyan yo sou sit la.
- Ranpli rejis yo** epi mete yo ajou pou chak moun ki kapab te nan kontak pwòch ak lòt moun pou garanti nou trase moun yo te an kontak ak yo.

Enspektè DOB a pral konsantre sou premye vizit nan sit konstriksyon ki otorize yo sou edikasyon pwofesyonèl konstriksyon yo sou plas pou konfime yo suiv gid yo. Sit ki gen pèmi yo sipoze atann gen enspeksyon suivi pou asire yo konfòme ak obligasyon yo, oswa ka gen lòt lòd Eta New York oswa Vil New York, tankou bay sitasyon oswa lòt sanksyon pou vyolasyon.

Pou jwenn plis enfòmasyon, al gade nan nyc.gov/buildings. Pou jwenn biwo COVID-19 ki pi pre ou a, rele 311 oswa al gade nan nyc.gov/covidtest.

